

Date Printed: 04/20/2009

JTS Box Number: IFES_64

Tab Number: 82


Document Title: Edikasyon sivik

Document Date: n.d.

Document Country: Haiti

Document Language: Creole


IFES ID: CE00801



* 7 5 2 2 2 5 B B - D 3 E 5 - 4 5 E 0 - B 2 4 C - 7 B 7 B 3 E 1 A 1 7 6 D *

edikasyon sivik

èske ou kapab viv nan demokrasi?



Centre de Développement des Ressources Humaines / CDRH

Moun nou gen la rekonesans.

Si nou t'a pran pou nou fè lis moun ki patisipe nan fè liv sa a, lis la t'ap pi long pase liv la. Premye gwoup moun nou dwe la rekonesans pou liv la, se tout **134 animatè** ki te patisipe nan **seminè Akaè a**, ak sa **Gran Gwav yo**: Nan gwoup sa a, nou sonje tou yon bann **òganizasyon** ak **divès sitwayen** ki te fè tout sa yo kapab pou pwogram nan pat' moute sou pikan nan zòn bò lakay yo.

- Wilfrid DALZON Koödonatè pwogram Edikasyon Sivik, tèks.
Seksyon Teknik, C.D.R.H.
- Frantz EWALD Reskonsab pwodiksyon liv ak desen.
Seksyon Odyovizyèl, C.D.R.H.
- Dominique HUDICOURT Desen, asistan odyovizyèl, C.D.R.H.
- Montaj Le Natal / C.D.R.H.
- Konpozisyon ak Le Natal
Enpresyon

CENTRE DE DEVELOPPEMENT
DES RESSOURCES HUMAINES , C.D.R.H.


Delmas 54, No.2 • Boîte Postale 13388,, Delmas, Haïti • Tél.: 6-0011 - 6-2425

Entwodiksyon.

Ni liv la, ni pwogram nan, yo tou 2 te fèt pou **ede moun ki pral vote** oswa moun ki pral poze **kandida pou manm K.A.S.E.K ak manm KONSEY MINISIPAL**. Ede yo fè kisa?

Ede yo ranmase chita yo; ede yo rekonèt dwa yo. Ede yo konn' dwa yo. **Poukisa?**

Enben, se tankou yon manman ki t'a mouri kite yon pye kokoye pou de pitit gason. **Tou 2 frè yo gen menm dwa pavre?** Si youn aprann moute kokoye, lòt la pa aprann, kilès k'ap pi fasil jwi byen eritay la?




Chenn solidarite seksyon kominal yo, se youn antre nan lòt.

Seksyon riral - Seksyon kominal.

Anpil moun ap mande pouki rezon yo chanje non **seksyon riral** yo.

Ofon, se pa non an sèlman ki chanje. Kounye a Seksyon yo pa ptit deyò ankò. **Nanpwen andeyò ankò.** Chak Seksyon gen pou voye **moun pa li**, al reprezante li nan **asanble minisipal** komin nan. Se asanble minisipal la, ki mèt tout **gwo desizyon** ki pou pran nan komin nan. Toujou gen **plis delege seksyon** pase moun lavil la, nan asanble minisipal la. Kididonk, **òganizasyon aktivite** komin nan, pa ka mache **san seksyon yo.** Si majistra a rele majistra kominal, ki jan pou yo rele seksyon yo?

Komin Gresye ak Seksyon Kominal Gresye




Egzanp 1

Nan pòtre sa a **chak ti kay** reprezante yon **pati** nan **komin Gresye**. Komin Gresye gen 4 **pati**. Li gen **lavil** la fè **youn**; seksyon kominal **Mòn bato** fè **de**; seksyon kominal **Mòn Chandèl** fè **twa**; epi seksyon kominal **ti boukan** fè **kat**.

Chak seksyon kominal ap gen 3 **dirijan**. **Lavil** la tou ap gen 3 moun pou dirije li. Twa dirijan lavil yo **gen rad** aba sou yo, pou nou ka rekonèt yo.

Lè nou pran tout ti kay yo ansanm, yo **reprezante** sa nou rele **Komin Gresye** a, sa vle di 3 seksyon kominal, plis lavil la.




Konsèy Minisipal Gresye Reskonsab Lavil Gresye

Egzanp 2

Twa moun ki gen rad aba sa yo, se twa manm konsèy minisipal la. Twa moun sa yo, gen 2 gwo chay reskon-sablite :

- Yo gen pou yo kole tèt ansanm pou yo dirije, òganize, okipe tout zafè lavil la.
- Yo gen pou voye je sou sa k'ap fèt nan tout seksyon kominal yo, sa vle di, nan tout komin nan.



Minisipalite Gresye

Lè yon zanmi mande **zapawo oswa ekipay** prete, kisa ou bali?

Ou bali : **ba, panno, sang, ak sakpay.** Gen divès lòt kote, kreyòl la bay yon sèl mo, pou divès bagay ki mache an-sanm. Konsa, nou jwenn mo tankou **epis dous, batri kizin, legim soup, eks.**

Minisipalite se youn ti mo, tankou **epis dous, zapawo, ak legim soup.** Kisa nou jwenn nan yon **Minisipalite?**

Nan yon **Minisipalite** nou jwenn : **prepoze kontribisyon, jij depè, mis, ajan agrikòl, ofisyè etasivil, majistra, manm K.A.SÈ.K.**

Minisipalite Gresye, **se tout sa leta reskonsab** nan tout **seksyon kominal Gresye yo, ak tout lavil la mete an-sanm.**

Asanble Minisipal Gresye



reprezantan
ti boukan




reprezantan
mòn chandèl




reprezantan
mòn bato




reprezantan
lavil gresye




Seksyon
Mòn chandèl



Seksyon
Mòn bato



Seksyon
Ti boukan




Lavil Gresye

Konsèy Seksyon Kominal yo.

Egzanz 4

Twa (3) manm konsèy minisipal yo, pa gouvènen komin nan poukонт yo. Lalwa mande pou gen yon asanble minisipal ki pou ede yo dirije komin nan.

Chak seksyon kominal, gen pou voye yon delege al chita nan asanble sa a. Delege sa yo, mete ak manm konsèy lavil la, reprezante leta nan tout komin nan. Se sa ki fè asanble sa a rele, asanble minisipal.



K.A.S.E.K. 3 moun pou 4an.

KI SA K.A.S.E.K. LA YE?

- K** : pou **Konsèy**, sa vle di 3 moun yo chwazi pou **reprézante** popilasyon seksyon an.
- A** : pou **Administrasyon**, sa vle di **jere, deside, dirije**.
- SE** : pou **Seksyon**, sa vle di **tèritwa** popilasyon ki chwazi konsèy la.
- K** : pou **Kominal**, sa vle di yon **pòsyon** nan komin nan.

Administrasyon

Anpil moun ap mande ki sa Administrasyon vle di; Ki sa manm K.A.S.E.K. yo pral fè?

Yo pral kole tèt yo ansanm pou yo :

- **Jere;** Jere seksyon an.
- **Deside;** Deside nan avantaj seksyon an.
- **Dirije;** Dirije sa k'ap fèt nan seksyon an.








Pou ki sa manm K.A.S.E.K. yo la?

Yo la pou :



Jere zafè lekòl, fè dispansè, **jije** moun ki annafè, **netwaye** mache, eks.

Gade **lakou** ki nan pòtre a:

- **Eske nou sipoze moun yo ap dakò,** pou youn nan mèt ti kay yo, vin' fouye twou latrin devan galeri gwo kay nan mitan an?
- **Eske moun yo ap dakò,** pou yon moun ki pa moun lakou a, vin' dekouvri gwo kay la, **pran kèk fèy tòl?**
- **Eske moun lakou a, gen dwa grate pwason,** voye dlo pwason an nan mitan lakou a?
- Eske si yo bay yon lajan pou lakou a, **moun yo ap dakò** pou **yon sèl moun benefisyé,** san lòt moun yo pa **jwenn anyen?**



*Yon bilten vòt,
se tankou yon jilèt.*




*Sa ki pou di, si se pa
grenn bilten pa ou la,
k'ap deside?*

Valè bilten vòt la.

Pi gwo **dwa politik** yon sitwayen, se **dwa vote** nan eleksyon. Dapre konstitisyon an, chak grenn sitwayen ki gen **18 an** pou pi piti, gen **dwa vote**.

Dwa sa a, ou pa ka voye ni pitit, ni zanmi al **reklame** li pou ou. Se ou menm **sèl**, ki gen dwa parèt al **reklame dwa sa a**. Lè sa a, leta ba ou yon **bilten** ki rele ou chèmèt-chèmètrès.

Se avèk bilten **sa a** ou **chwazi dirijan**, soti depi nan **seksyon kominal**, rive jis **nan prezidan** ki alatèt peyi a. Avèk bilten an ou gen dwa di **wi** pou yon kandida, non pou lòt la. Avèk menm bilten sa a, ou di **wi pou sa ki merite fèt**, non pou sa dirijan **pa dwe fè nan komin nan**, oswa **nan peyi a**.




Demokrasi

Demokrasi se pa yon ja ou jwenn ou sere yon kote. Demokrasi se yon fason **moun viv, yon fason moun viv ak lòt moun**. Demokrasi a antre nan tout sa nou di, tout sa nou fè lòt kretyen vivan, **dèyè yo kou devan yo**.

Viv nan demokrasi se tankou moute bisiklèt.:

- Se aprann pou ou aprann
- Se ou ki pou pedale pou fè li vanse
- Se tout tan ou obije ap veye kò ou pou pa pèdi ekilib.



Sitwayen


Gen 2 kalite sitwayen nan peyi a:

- **Moun ki fèt tou sitwayen lapeti paran yo.**
- **Moun peyi a adopte kòm pitit paske yo fè lademann.**

Se tankou gen **fanmi san**, ak **fanmi pa alyans**. Men, yo tout gen **menm dwa**.

Konstitisyon peyi a bay tout sitwayen 2 kalite dwa:

- Dwa **sivil** ak
- Dwa **politik**.




Dwa ak devwa

Dwa ou se tout **garanti**, tout **pwoteksyon**, tout **libète** leta **obije** ba ou, pou ou ka **viv alèz** nan peyi a.

Devwa ou se tout sa ou menm, ou **obije bay** leta pou tout lòt moun nan peyi a ka **viv alèz tou**.

Dwa ak devwa mache ansam tankou yon **moun** ak **Ion-bray li**. Se konstitisyon an ki bay tou 2, ni dwa ni devwa. Chak kote ou wè youn ou mèt siresèten lòt la anfas la, menm si ou pa wè li.

si ou vle sa chanje fòk ou patisipe



Eleksyon se yon kokenn chenn seremoni. Men, **eleksyon pa fèt ak de twa moun.**

Leta fèt pou òganize eleksyon, chak fwa li vle pran yon desizyon majè pou peyi a. Men, fòk sitwayen yo fè devwa politik yo, pou yo al vote.

Kote pa gen eleksyon tanzantan, kote sitwayen pa al vote, pa ka gen demokrasi.